

# KONSANTMAN JENERAL POU TRETMAN AK FAKTIRASYON

**Mwenmenm** ki siyen anba a, mwen bay pèmisyon pou tèt mwen oswa pou yon timoun minè, jan sa endike anwo a, pou nou sibi tout tès, egzamen, tretman, oswa lòt pwosedi ki nesese pèsònèl medikal, mantal, estaf sante konpòtman pou kominote a egzije. Mwen reyalize pratik medsin, operasyon ak dantis pa yon syans egzak, epi mwen rekonèt yo pa ban m okenn garanti aprè tretman oswa egzamen CHI fin fè yo.

**Mwen** dakò pou divilge enfòmasyon medikal bay lòt enstitisyon oswa ajans k ap aksepte m pou swen medikal oswa enstitisyonèl, epi mwen dakò pou divilge enfòmasyon mwen ak done (toulede medikal ak pèsònèl) bay moun k ap peye asirans sante mwn an ak ajans gouvènman yo jan CHI mande sa pa lwa, règ, règleman, oswa pa konsantman.

**Mwen** bay konsantman mwen pou divilge enfòmasyon medikal ak enfòmasyon finansye pou rezon odit.

**Mwen** bay otorizasyon pou yo peye CHI avantaj yo dwe mwen yo nan reklamasyon mwen ki annatant ak/oswa AVANTAJ MEDIKAL PRENSIPAL yo, ki peyab pou mwen, men ki pa depase frè regilye pou peye sant sante a ak/oswa doktè a pou peryòd tretman sa a.

**Mwen** dakò yon kopi otorizasyon sa a valab menm jan ak orijinal la.

**Mwen** rekonèt si asirans mwen pa apwouve frè pou peye pou vizit sa a, mwen gen responsablite nèt pou peye CHI.

**Mwen** konprann epi rekonèt CHI se yon etablisman ansèyman e se poutèt sa, gendwa gen rezidan medikal, dantè ak sikyatrik menm jan ak edidyan medikal, dantè, famasi, enfimyè pratikan, ak enfimyè yo patisipe nan swen mwen anba sipèvizyon doktè mwen, dantis, sikyat oswa enfimyè pratikan.

**Mwen** gen dwa pou m konnen non yo ak relasyon pwofesyonèl yo ak CHI, ansanm ak non doktè ki asiste yo pou mwen konnen bay ki moun mwen ka pote nenpòt enkyetid mwen ka genyen.

**Mwen** konprann rabè sou frè varyab ak depans ki soti nan pòch ou yo ka pa kouvri tout pwosedi, ekipman ak founiti oral yo.

**Mwen** Telemedisin/Telesante angaje itilizasyon kominikasyon elektwonik pou pèmèt pwofesyonèl swen sante nan diferan kote pou yo pataje enfòmasyon medikal sou pasyan endividyèl yo nan bi pou amelyore swen pasyan yo. Kominikasyon elektwonik vle di itilize ekipman telekominikasyon entèaktif ki gen ladan, nan yon minimòm, ekipman odyo ak videyo ki pèmèt kominikasyon youn ak lòt nan tan reyèl

**Mwen** bay konsantman mwen pou yo pataje enfòmasyon sou sante pèsònèl mwen avèk CHI ansanm ak doktè/founisè li yo.

**Mwen** konprann mwen gen dwa refize oswa anile konsantman mwen te bay pou yo te itilize Telemedsin/Telesante pandan swen mwen an, nenpòt ki lè, san sa pa afekte dwa mwen pou swen oswa tretman m ap gen pou m fè.

**Mwen** dakò pou m resevwa mesaj tèks konsènan randevou mwen an (yo) ki pa genyen okenn enfòmasyon sou sante ki pwoteje.

**Mwen** dakò pou m resevwa imèl nan adrès imèl pèsònèl mwen konsènan nenpòt Enfòmasyon Medikal ki kapab genyen: Referans, Dosye Vaksinasyon, Fòm ki gen Rapò ak Lekòl la, Fòm Medikal ou te mande founisè w la ranpli.

## **PASYAN MEDICARE YO SÈLMAN:**

**Mwen** otorize nenpòt moun ki gen enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon sou mwen pou yo divilge bay **Sant pou Medicare ak Medicaid** (Center for Medicare and Medicaid, CMS) oswa entèmedyè li yo oswa transpòtè li yo, tout enfòmasyon ki nesèsè pou Reklamasyon sa a oswa nenpòt ki Reklamasyon Medicare ki vin annapre. Mwen bay pèmisyon pou yo itilize yon kopi otorizasyon sa a nan plas orijinal la, epitou pou yo mande peman avantaj asirans medikal pou pati ki aksepte afektasyon reklamasyon sa a.